ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№161 (22.319) • 2012 гъэм шыщхьэIум (августым) и 22, бэрэжьей • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Понеделков А.В. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIощыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Хьэлэлу зэрылажьэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм папщIэ щIэныгъэ лъагэ зиIэ IэщагъэлIэр гъэхьэзырыным куэд зэрыхищIыхьам кьыхэкIыу «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIощын **Понеделков Александр Василий и кьуэм** - «Урысей Федерацэм и Президентым и деж ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ щыIэ Урысей академие» профессионалнэ щIэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и Урысей Ипщэ институт къудамэм и унафэщIым властым и органхэмрэ еджапIэхэмрэ ядлэжьэныкмкIэ и кьуэдзэм.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм шыщхьэIум и 16-м
№115-УГ

Каграманян С.А. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ льапIэр фIощыным и Iуэхукъ Каграманян Станислав Артем и кьуэм - «Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театр» къэрал щIэхабзэ Iуэхущ1апIэм и артист пажэм.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм шыщхьэIум и 16-м
№116-УГ

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Iуэху щхьэпэхэм топсэлъыхь

КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ шыщхьэIум и 16-м екIуэкIащ. Ар кьиIэIунхащ икIи ирагъэкIуэкIащ Правительствэм и Унафэщ1 Гертер Иван.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплащ Iуэхугъуэ 19-м.

КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Мишковэ Ириндэ** 2012 гъэм и илъэс ныкъуэм республикэм и бюджетым и хэхьуэмрэ и хэщIымрэ зыхуэдэм щыгъуазэ ищIащ Правительствэм хэтхэр. Республикэм хэхьуэу мы гъэм иIэн хуеяр процент 50-кIэ гъэзэщIа хьуащ (сом мелард 11-рэ мелуан 676,2-рэ). Нэгъабэрэм ельытауэ ар мелуан 725,7-кIэ нэхьыбэщ. Абы щыщу меларди 9-рэ мелуани 178,9-рэ кьагъэсэбэпащ, илъэсым тещIыхьауэ процент 34-р. ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм сом мелуан 237,1-рэ, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ - мелардитIрэ мелуан 816,1-рэ, щэнхабзэм - сом мелуани 143,9-рэ, социальэ политикэм - мелардитIрэ мелуан 20-рэ, узышIагъэр хьуэныкI - 1 мелардрэ мелуан 575-рэ, физкультурэмрэ спортымрэ - мелуани 103,7-рэ, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм - мелуан 74,5-рэ трагъэкIуэдащ. Абы кьищынэмыщIауэ, КъБР-м и Правительствэм ищIа унафэм ипкъ итмкIэ, сом мелуан 975-кIэ дэIэпыкьунущ бадзэуэгъуэм и 16-м уэрэз жьышхуэмрэ эрэан зыхуэхъуэ Бахьсэн, Тэрч районхэм щыпсэу щыхуэ 65-м, дэтхэнэми мин 15 хуэзэу.

КъБР-м и Правительствэм ищIа унафэм ипкъ итмкIэ, республикэ мылькум кьыхэкIыу гъуэгуэм йолэжь. КъБР-м гъэзэгу IуэхуэхэмкIэ и Къэрал комитетым и унафэщI **ДышэкI Аслъан** мылькуншхьа Бахьсэн кьалэм Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамыр эрагъэпэщкьыныр. Лэжьыгъэр 2013 гъэм яублэнущ, мелуан 60-м нэблагъэ ихьыну кьаб-жащ. Абы щыщу Бахьсэн кьалэм и пщэм дельхьэж сом мелуан 17-рэ мин 970-р, адрейр республикэм и мылькум кьыхахынущ.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фыырэ Руслан**. КъБР-м и Правительствэм Щэнхабзэ IуэхуэхэмкIэ дэлажьэ совет кьызэгъэпэщын хуейуэ зэрыжиIар зэIущIэм хэтхэм дащтащ. Советым и кьалэну щытынур щэнхабзэмрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ я Iуэхур дзгъэкIынырщ.

ЩэнхабзэмкIэ советым и унафэщIыр КъБР-м и премьер-министр Гертер Иванщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Гулытэ лъагэ

Зэкъуэшыгъэм и нэщэнэ

Щыщхьэ1ум и 15-р Абхъазым щызэуахэм я махуэщ

Абхъазыр зыхъумахэм я фэеплъ махуэм къыкIэлъыкIуэу, мы гъэм япэу Сыхъум щагъэзэпэщ я фIэфIыныгъэкIэ абы щызэуахэм я махуэр.

КЪЭРАЛ филармониемпшыхь дахэ щекIуэкIащ а махуэм. Абы къырихьэIащ Абхъазым и ЛIыхъужьхэр, Кавказ Ищхьэрэм, Урысей Нпщэм, хамэ къэралхэм кьикIахэр, нэгъэущIхэри.

Пшыхьым хэтащ АР-м и Президент **Анкваб Александр**, премьер-министр **Лакербае Леонид**, парламентым и депутатхэр, правительствэм хэтхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа Хагбэ Кнасоу кьызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ зэхуигъэза нэужь, Куржы-Абхъаз зауэм 1992 - 1993 гъэхэм хэкIуэда, нэгъуэщI щыпIэхэм кьыкIа щIалэ 200-м щIигъуи зы дакъикьэкIэ яхуэщыхьащ.

АР-м и премьер-министр Лакербае Леонид кьыщыпсалъэм кьыхигъащIащ Абхъазыр гуэвэгъуэ щихуа дакъикьэм абы жьыджэру зэрызыщIагъэкьуар дэнэ щIыпIи щапхъэу щыбгъэльагъуэ зэрыхъунур.

- Дыгъуасэ ди тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ хьэлъэхэм ящыщ зы махуэу щытащ, - жиIащ Лакербае. - Абы и ужькIэ къэуэхуэа махуэр, щыщхьэIум и 15-р, ди лъэпкъым, хэкум дежкIэ ГъэпIэщ, абы щыгъуэ ди щыпIэм кьихьащ мамырыгъэм щыжь метр 750-рэ зи кIыхьагъ гъэ бжьамийхэм ягъуэта сэкъатхэри. ЩытыкIэ гугъум иту кьалъыта мы щIыпIэм кьрашэлIащ «Налшыкгаз»-м и аварийнэзэгъэпэщыжакIуэ бригадэ тIуэр спецтехникэхэмрэ Iуэхур кьызэрыхьэщIамкIэ, ремонт лэжьыгъэхэр фокIадэм и пэщIдзэ махуэхэм и кIэм нагъэсыну я мурадщ. Мыпхуэдэ кьэпщытныгъэхэм «Къэбэрдей-газым» и куей кьудамэ псоми щыщIадзащ.

ЖАНХЬУЭТ Зуэз.

● Шэджэм куей

ЩIымахуэм зыхуагъэхьэзыр

«Къэббалъкъгазым» и Iэщ1агъэлIэхэм бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыр.

ИДЖЫПСТУ Шэджэм къалэм газыр давленэшхуэкIэ, давленэ цIыкIкIэ зэхуэмыдэу щызекIуэ бжьамий лIэужьыгъуэу зы километррэ ныкъуэрэ щыщIалъхьэ.

Апхуэдэу «Шэджэм газ» Iуэхущ1апIэм зэрегъэпэщIыж метр 750-рэ зи кIыхьагъ гъэ бжьамийхэм ягъуэта сэкъатхэри. ЩытыкIэ гугъум иту кьалъыта мы щIыпIэм кьрашэлIащ «Налшыкгаз»-м и аварийнэзэгъэпэщыжакIуэ бригадэ тIуэр спецтехникэхэмрэ Iуэхур кьызэрырахьэлIэм унафэщIхэм я нэIэ ткIийуэ тетщ.

«Къэббалъкъгаз» Iуэхущ1апIэм и пресс-службэм хьыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, ремонт лэжьыгъэхэр фокIадэм и пэщIдзэ махуэхэм и кIэм нагъэсыну я мурадщ. Мыпхуэдэ кьэпщытныгъэхэм «Къэббалъкъгазым» и куей кьудамэ псоми щыщIадзащ.

ЖАНХЬУЭТ Зуэз.

● Прохладнэ куей

Хэт и лъапсэр нэхъ къабзэ?

Солдатскэ жылагъуэм хабзэфI къыщокIуэкI, щIыпIэм и тепльэр сыт и лэжьыкъуэкIи зэлъытыжа куей лъапсэхэр къабзэу зехьэным, гъэдэхэным тегущыIэ.

КУЕЙ, жылагъуэ администрацэхэм я нэIэ тету ирагъэкIуэкI мы Iуэхум жыджэру хэтщ щIалэгъуэлэри ныбжь зиIэхэри. Абыхэм я пщIантIэхэм, куэджэпэхэм я мыза-къуэу, япэгъунэгъу псы, гуэл Iуфэхэри зэхуосри зыхуей хуагъазэ, удз кIырхэр кьах, кIэрыхьубжьарыхухэр зэщIащIпэ. Илъэсым и кIыхьагъкIэ ирагъэкIуэкI кIэльыпIъныгъэхэр пIалъэ пыухыкIам тету жылагъуэ унафэщIхэм кьапщытэри, текIуэхэм ахъшэ саугъэтхэр ират.

Апхуэдэу кьадекIуэкI хабзэм и Iэужьыр нэрылъагъущ: кьуажэ зэрамхэр гъэм и кIыхьагъкIэ кьабзэу зэщIэпхъэнкIащ, куэджэпэхэм удз гъэгъа зэмылIэужьыгъуэхэр куэду щыхасащ, унэ Iупльапльапхэр гъэдэхэным иджыпсту нужь итщ. Зи чэзу бжьыхьэ кьэпщытэгъуэр мыгувэу къэсынущ. Дэтхэнэ зы унагъуэри попльэ абы, бжьыпэр щиубыдыным щIэхъуэпсу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ягъэтlысам тезырыр щхьэщахыну УФ-м и Президентым йолъэIу

ЯгъэтIысахэм тезырхэр ящыгъэпсынщIэнымкIэ комиссэм кьыхилъхьам акьылэгъу техьэри, КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен къэралым и унафэщIыр хэплъэн папщIэ кьыхилъхащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 264-нэ статьям и Iыхьэ 1-м ипкъ иткIэ ягъэтIыса Къуэщыкъуей А.М. тральхьа тезырыр техыным теухуа тхыгъэр.

Урысей Федерацэм ЯгъэтIысахэм тезырхэр ящыгъэпсынщIэнымкIэ зыпхъэ Положенэм, Урысей Федерацэм и Президентым 2001 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьыдигъкIа Указ №1500-кIэ кьищтам ипкъ иткIэ, зыхуэфащэ документхэр Урысей Федерацэм и Президент Путин В.В. хуагъэхьащ, унафэ ныуихькIа тришIыхьын папщIэ.

ХЬЭЩХЪУЭЖЬ Давид,
Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэралправовой управленэм я гъэтIысахэм тезырхэр ящыгъэпсынщIэнымпльащIа IуэхухэмкIэ и секторым и унафэщI.



Чавес Эквадорыр деIыгъ

Венесуэлэм и президент Чавес Угэ жиIащ Эквадорым зэрыкьуэувэнкIэ икIи кьимыкIуэту Iуэхугъуэ пыухыкIахэр илъэкьыну зэрыкьэзыгъэр.

Чавес Эквадорым и президент Корреа Рафаэль и ныбжьэгъуфIщ икIи, дауи, я унафэм щIэт кьэралхэми я зэхуакIуэ зэдэIэпыкьунытIэ дэлъщ. США-м и къэрал щэхуэхэр интернетым изыльхьэу кьулыкъущIэ куэд бэлыхь хэзыдза WikiLeaks сайтым и кьыдзгъэпэщакIуэ Асандж Джулиан ягъэтIысыну зэхэзэхуэн щащIым, Эквадорым Инджылызым щIэ посольствэм зыщигъэпщкIуащ. Ар кьратыжыну тракьуза щхьэкIэ, абы и Iэтащхьэ Корреа Рафаэль яхуигъэкIуэтакъым. Иджы абы Венесуэлэри кьыкьуэуващ. Пэжщ, Чавес Угэ игъэбелджылакьым и ныбжьэгъур зэхэзэхуэн ящIмэ, кьимыкIуэту илъэкьынур сыт хуэдэ Iуэхутеуэмэ.

Урысейм ирамытыжыну къегъэув

Цыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ Европэ судым Украинэм хуигъэващ Осмаев Iэрэм Урысейм ирамытыжынур.

УФ-м и Премьер-министру абы щыгъуэм щыта Путин Владимиррэ Щэшэным и Iэтащхьэ Кадыров Рамзанрэ иукIыну зызыгъэхьэзыру хуагъэфащэу Украинэм нэгъабэ щаубыда Осмаев Iэдэм а къэралым и льэхьэущым иджыпсту исщ, адэжь кьыхуащIыну унафэм поплъэри. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар Одессэ кIуат, кьыззэрагъэуэ Iэмалхэм зыщыхуигъасэу Путинымрэ Кадыровымрэ иужькIэ иукIыну.

Мы Iуэхум зэхуэмыкIуэ куэд хэлъу кьильытащ Осмаевым кьыщхьэщыжхэм зызыхуагъэза Цыхуэм и хуитыныгъэхэмкIэ Европэ судым. Аращ Урысейм ирамытыжмэ нэхъыфIу кьыщIильытари.

США-м IэштIымыр егъэдалъэ

Америкэм и Штат Зэгъуэтхэм я президент Обамэ Барак жиIащ Сирием химе Iэщэр къэгъэсэбэпын щIидзэнмэ, зауэ зэрырищIылIэнур.

Сирием нэгъуэщI къэралыуэхэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэ Макссиди Джихьад Дамаск щригъэкIуэкIа пресс-конференцым кьыщыхигъащIащ, хамэ щыпIэ кьиикIа зэрыпхъуакIуэхэр и хэкум кьытеуэмэ, химие Iэщэ кьигъэсэбэпыну зэрыкъэзырыр.

Дуней псор кьызытегуплIэ Сирием и Iэтащхьэхэм афIэкIа Iэмал кьахъэжяну кьыщIэкIынымкIи. Иджыри къэс къащхьэщыжу щыта Китайм и Урысейм и хуэмхуэмурэ йокIуэтыж икIи я кьару фIэкIа аxэр зыим щыгугъыфыну кьыщIэкIынымкIым. Аращ хамэ къэралхэр къатеуэмэ, химие Iэщэ кьагъэсэбэпыну щыжаIэри.

Абы щыгъуэми Къухьэпэм Урысейр егъэкъуаншэ, а Iэщэ щынагъуэр Сирием ирищауэ хуегъэсфащэри. Ди къэралым и унафэщIхэм ар мыпэжу жаIэ.

Каспаровыр едэхьэ?

«Урысейм и офицерхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Цветков Антон щыхьэт техьэуну хьэзырыщIахматист гъуэзэдж Каспаров Гарри щаубыдым полицейм и Iэм зэредэхьам.

Каспаровыр илъэс зыбжанэ хьуауэ оппозицэм и пашэхэм ящыщ зыщ. Мэрем кIуам, Pussy Riot панк-гупым тетхуэ унафэр кьыщащтэм, Хамовническэ судыр зыщIэс унэм и гупэм кьыщцIэзэхуэсахэр щызэбграхуужьым, шахматист щэрыуэрэ ягъэ зубыдри, полицей машинэм ирадзащ. Абы щыгъуэм хабзэхьумэхэм языхэзым ар едэхьауэ я гъэзэкIуэ.

Каспаровыр илъэс зыбжанэ хьуауэ оппозицэм и пашэхэм ящыщ зыщ. Мэрем кIуам, Pussy Riot панк-гупым тетхуэ унафэр кьыщащтэм, Хамовническэ судыр зыщIэс унэм и гупэм кьыщцIэзэхуэсахэр щызэбграхуужьым, шахматист щэрыуэрэ ягъэ зубыдри, полицей машинэм ирадзащ. Абы щыгъуэм хабзэхьумэхэм языхэзым ар едэхьауэ я гъэзэкIуэ.

Апхуэдэ лъэпкъ Iуэхум хэмылъыр Каспаровым жеIэ икIи пцIы кьытезылъхьэу зыгъэпудахэр судым иритыну зегъэхьэзыр.

НОБЭ

и Урысей Федерацэм и къэрал ныпым и махуэщ

и 1959 гъэм Тэрч къалэ кьыщызэIуахащ налмэс Iэмэпсымэхэр кьыщыщIатэкI завод.

и ТхакIуэ щэрыуэгъэ КIыщокъуэхэ Алимрэ Рашидрэ я адэ ПщымахуэитIэс 75-рэ и пэкIэ дунейм ехьжащ.

и Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къуэщхьэ Iэбу** кьыззэральхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур:

Пшэ телъыну, пIалъэпIалъэкIэ уэзых кьешхьыну хуагъэфащэ. Махуэм хуэбгу градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыIэнущ.

Пlалъэпlэр зыгъэхьэзыр ХЬЭТАУ Исльамиз.

● Школ хъыбар

Сыт и лъэныкъуэкIи

Республикэм и курыт еджапIэхэм, гъэсапIэхэм я процент 80-р щыщхьэIум и 10-м ирихьэлIэу гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзырт. Адрейхэми щекIуэкI зэгъэпэщыжынигъэ лэжьыгъэхэр и чэзум, зэфIэкIынущ икIи сабийхэр екIуэлIэжынущ сыткIи зыхуей хуагъэзэжа Iуэхугъэхэм.

2012 - 2013 гъэм еджагъуэщIэм зыщыхуагъэхьэзырым гулытэ нэхъыбэ хуащIащ махуэм и кIуэщкIэ сабийр щыIэфын хуэдэу а Iуэхущ1апIэхэр сыткIи кьызэгъэпэща хъуным. Апхуэдэхэщ еджапIэ ящыщхэр, гъэсапIэ унэхэр хуабэу щытынкIи, абыхэм псы кьабзэ кьыщIихьынкIи, лъэсэгъэр, электрокъару зрикIуэ кIапсэхэр, зытхьэщIыпIэхэр гъэтэмэмыныр, нэгъэущIхэри. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным текIуэда мыпхуэм щыщу сом мелуан 78-рэ муниципальнэ бюджетхэм кьахэкIащ.

Мы зэманым школ куэдым щокIуэкI котельнэхэр гъэпльыгъуэ лъэхъэнэм хуэзыгъэхьэзыр лэжьыгъэхэр. 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу ахэр псори гъэтэмэма хьунущ. Гъэ еджагъуэщIэм ирихьэлIэу КъБР-м и школэхэр кьызэрагъэпэщ компьютер техникэхIэ, зэреджэ-нэрылъагъу пособиехэмкIэ, унэлъащIэхэр щIагъуэвэ, еджэным кьыщыпсэлъэп Iэмэпсымэхэр щIалъхьэ.

Сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ ящIа, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ кьызэрагъэпэщынэ школхэм, сабий садхэм фокIадэм и 1-м екIуэлIэжынущ республикэм и сабий минхэр.

КIУЖ Иннэ.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

ПсэупIэ кредитхэр зытрагъэкIыж

Нобэ ирихьэлIэу УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балкъэр къудамэм унафэ кьищтащ ани (чнагъуэ) мылькум и сертификату 32109-рэ итыну. Анэм хухах ахъшэр мы гъэм сом мин 387-рэ 685-рэ мохьу.

НЭХЪЫБЭМ абыкIэ псэупIэ кредитхэр зытрагъэкIыж. Псори зэхэту ди республикэм щыщ унагъуэ 11171-м я Iэмалыр кьагъэсэбэпащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ анэм хухах ахъшэр нэхьыщхьэу зыхалъхьэну Iуэхур зыгъэбелджыла унагъуэхэм я тхыльу 18572-рэ 2010 гъэ льандэрэ Къэбэрдей-Балкъэрым и Пенсэфондым кьызэрыIихар. Абы щыщу 6097-р кредит мыльку хэмыту я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным техуэзащ.

Сабийхэр егъэджэным тещIыхьауэ кьудамэм ирата льэIу 48-м сом мелуани 5-рэ мин 502,24-рэ хуоз. Тхыльыщым япкъ иткIэ, сом мин 683,56-рэ анэхэм я къэкIуэну пенсэм и зэзыгъэуIу Iыхьэм халъхьащ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Узэджэр къокIуэ

● Къэрал утыку

Етхуанэ каналымкIэ Санкт-Петербург кьратыкI нэтынхэр телевизорелпъ куэдым нэхъ яфIэщIэщыгъуэщ. Псом хуэмыдэу удихьэныу уоплъ щыхуу щIэрыIуэгъэ я дуней ельыкIэм, я гупсысэкIэм, я щIыхь хэтыкIэм тегъэпсыхьахэм. Апхуэдэ нэтынхэм ящыщ зы вэсэпщыхьэ ди пащхьэ кьралъхьат. Псельэгъу ящIар Урысей псом фIыуэ кьыщацIыху ди льэпкъэгъу, узэрэджэлайкIэ Къэзан Сэтэнейт. Сытым щыгъуэ хуэдэу, ар я нэгум гуапагъэ ин кьыззэрырихым уIуплъа нэужь гурыIуэгъуэт ар кьыщIрагъэбгъэлэрыр - псалъэмакъыр зытеухуауэ щытынур уи акъылри уи зэфIэкIри фIым тебухуэфу упсэун папщIэ пхэльын хуей гъэсэныгъэмрэ щIыхь зэпыту хэтыкIэмрэт. Сэтэней фIы дыдэу ящIэу кьыщIэкIащ «Узэджэр къокIуэ» адыгэ псалъэжьым щIэль гупсысэ куур. УщымыгугфыкIыу кьанэртэкъым абы и жэуапэкэ дахэу зэрыгъэпсамрэ а жэуапхэм зэмылIэужьыгъэхэр я щыбагъ кьызэрыдэувэмрэ. КIыщIу жьипIэмэ, и уэрэдхэмкIэ дыззэрыдихьэхьам нэмыщIкIи, Сэтэней дитъэгуфIщ и гупсысэкIэ дахэмкIи. Ди гугъащ а нэтыным епльа псоми, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, я гукъыдэжьыр кьиIэтыну Сэтэней зэхуэфIэкIауэ. Ари, зэрыгурыIуэгъуэщи, утыку ит дэтхэнэ зы артистми и кьалэн пажэхэм ящыщ зыщ.

АЛЬДЖ Джэрий.



Псыгуэнсэр гугъу йохь

● Аруан куей

Аруан куей администрацэм мы гъэм зыхуигъэувыжа кьалэн нэхьыщхьэхэм ящыщ зыщ жылагъуэхэр зэфэну псымкIэ тэмэму кьызэгъэпэщыныр.

ИЛЪЭС КIУАМ Старэ Шэрэджым псы Iуэхур екъуIэныгъэкIэ щызэфIагъэкIащ. Иджыпсту гугъу нэхъ йохь Псыгуэнсур. Мыбы пIалъэ пыухыкIам тету фIэкIа псыр иджыри зыхуамыутIыпщыкI хьэблэхэр нIэщ. Куей администрацэм и унафэкIэ Псыгуэнсур хагъэхьащ 2012 гъэм кьриуфIэщIащ и гупсысэкIэ щаухуэну щыщ. Зи чэзу бжьыхьэ кьэпщытэгъуэр мыгувэу къэсынущ. Дэтхэнэ зы унагъуэри попльэ абы, бжьыпэр щиубыдыным щIэхъуэпсу.

Ар ирагъэкIуэн, ар ирагъэгъэпэщын, хабзэм тету, зэхьэзэхуэкIэ мыгувэу кьыхахынущ икIи лэжьыгъэм щIидзэнущ. Абы и фIыгъэкIэ жылагъуэм псым и Iуэхур щызэфIыхьэнущ.

Районым администрацэм и Iэщ1агъэлIэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ зэхуэмыдэныгъэхэр щызэтрихьам и щхьэусыгъуэр псы зрикIуэ бжьамийхэр кьхьахэ зэрыхъурящ. Ахэр щIэкIэ зэхъуэкIынымкIэ, Псынабэ кьуажэм сом мин 808-рэ и уасэ псы хьыпIэ чэщанэ щаухуэнущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Лъэкъуэ зыщхыр щхьэ щхыгъуи йохуэ.

Мыухыж гугъэ уэ къыдот

ЛІыхъужьым и къекІуэкІыкІар

**Адыгэхэм ди тхакІуэшхуэ КІэрашэ Тембот и «Щапсыгъ ишащэ» («Щапсыгъхэм яихъу») хьыбарым зи гухэдэмрэ зи уэрэдымрэ щыхум яхІуа Хьэтх Мыхьэмэт и образыр дэгъэуэу, дахэу щитхыжащ. Тхыгъэм къызэрыхэщыжьымкІэ, Мыхьэмэт адыгэлІ псэц, хьэл-щэн эмІэзэрыт зиІэ лІыхъужь гушІэгъулыщ. Ар 1812 гъэм Франджым и пащтыхьу щыта Бонапарт Наполеон Урысейм кьыщытеуам щыгъуэ екІуэкІа зауэм урыс дзэпщ щІэрыІуэ, Пушкиным и лъэхъэнгъэ, усакІуэ, генерал-лейтенант Давыдов Денис къызэригъэпэщца партизан зэщІэхъеенымэм щыуей хахуэу хэтащ. ЗэрыжаІэмкІэ, Мыхьэмэт бэчкъан лъэпкым щыщ и адыгэщымкІэ Париж ирс кІуэри, а щы дыдэм гесу и хэку кьигъэзэжауэ щытащ. Абы теухуауэ Къардэнгъущ Зырамыку мыр жиІэгъауэ щытащ: «ПІэжынкІи хъунщ, сыту жыпІэмэ а зауэм урысыдзэм хэту адыгэ шу гуп Наполеон и дзэм езуащ. Мыхьэмэти абы яхэтагъэщ».

ФИГУ КЪЭГЪЭКІЫЖЫНУ сыхуейт «Уэрэдымрэ и тхыдэмрэ» радиопэтыным 1990 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м Къардэнгъущ Зырамыку абы ехьэлІауэ къыщІэІуэтэжа хьыбарыр. Араущи, мы зи гугъу тщІыну Іуэгугъуэр къыщыхъуар а зауэм кьелу Мыхьэмэт и хэкужьым кьигъэзэжа нэужщ. Уэрэдыр щхьэгъусэм иусын уейт щІэхъуам тражиІыхь хьыбарыр мыращ.

Зи гугъу тщІа зауэшхуэм хэтауэ кьигъэзэжа нэужь, езым игу ирихь, фІыуэ ильэгъуа хьыджэбзым лъыхъури, фызышэшхуэу кьишащ. Апхуэдэу дэ щІыжытІэр, пасэм щыгъуэ хьыхуащ мыхьумэ, езы щауэм кьрагъашэртэкьым. Нысэр кьыхэзыхыр щауэм и адэ кьуэш е и Іыхьлы нэхьыжьт. Хьыджэбзым и Іуэхури эрыщыгтари апхуэдэуст. ДэкІуэ щыІэтэкьым, щыІэр - ират, иращэ, яхь - ират. Мыхьэмэт и адэр псэужтэкьыми, хьыджэбзыр кьыхухэзыхар и анэрт. Унагъуэм лІыр щащыщхьщымытыжым деж, абы и пІэ иувэр унэгуащэрати. Мыхьэмэт и анэм и унафэм сытКІи едІуэн хуей хьуащ. Гуащэжьым и кІуэм кьыхухиха щІыхубзыр икІи дахэт, икІи зкІэлъыкІуэти, Мыхьэмэтым лъагъуныгъэкІэ кьишащ. Езы Мыхьэмэти лІы бжьыфІзу, щІыху зэтесу, щэрыІуэу щІытти, щІыхубзыр кьыдэкІуащ.

ЗэщхьэгъусэтІыр энэзэпсэу зэдэпсэуурэ быи зытІуищи зэдагъуэтащ, Зэрахабзэти, унагъуэр зэдаІуэр, зи унафэм щІэтыр Мыхьэмэт и анэ гуащэжьырт. Къуэр сыт хуэдизкІэ щІрыІуэу, хьыхьэхэКІ иІэу, лІыфІу щыт пэтми, анэм и унафэм щІэтыныр а зэманым хабзэт, ар емыкІутэжьым. Мыхьэмэт зы щыпхьу щыкІу закъуэ фІэкІа кьуэши иІэтэкьым.

А зэманым зэрыхабзэти, Мыхьэмэт езыр зэхэзекІуэт, а зауэшхуэм кьыдыхэта и ныбжьэгъухэм якІэлъыкІуэрт, илъагъурт, абыхэм я деж щыхьэщІэрт. Ахэр мыхъуххэми, ныбжьэгъу и куэдт, абыхэм якІэлъыкІуэн хуей хьурт. Пасэм щыгъуэ лІыр унэм ис эпІыту щытыныр емыкІут. ЛІыр зэхэзекІуэмэ, хьыхьэхэКІ иІэмэ, абы щытхъуэт ар кьыщацІыхури, и цІэ фІыкІэ щыжаІэри. А хьыхьэхэКІ зиІэ лІыхэрат къуажэхэр зыхьумэу, дэхэухахэм ядэІэпыкьуу, захуащІэу кьэзыкІухьэр. Абыхэм гуп кьрашэкІырт, я къуажэхэр, я льэпкъхэр дыгъуакІуэхэм щахъумэу. Мис апхуэдэ зауэлІ-зекІуэлІт Хьэтх Мыхьэмэт.

Хьыбарым зэрыжиІэмкІэ, Мыхьэмэтыр екъауэ кьэту, махуэ гуэрым, и щыпхьэмрэ и щхьэгъусэмрэ псыхъэ кІуащ. Псым щыІухьэ дыдэм, адрей льэныкъуэмкІэ зы шу кьыхуэкІуэу къалъэгъуащ. А шур Мыхьэмэтыр арт.

- Мо шу цІыкІур а кьызэрыкІуэн хуэдизу къаКІуэр къэкъ, мы псы кьнуам, икІыпІэ мылыхьхуэу хьыхэпкІэрэ кьызэпрыкІмэ, сыту нэхъ къэпщтэнт? - жиІэри пщыпхъур и нысэм еупщІащ, и дэлъху Мыхьэмэтыр а шу цІыкІу къакІуэр зэрырар кьимыщІыхужу. Нысэр пльэри, и щхьэгъусэ Мыхьэмэтыр кьищІыхужащ.

- Ар икІыпІи кьимылъхъуэу, а кьызэрыкІуэм хуэдэу кьыхэпкІэнурэ кьызэпрыкІынущ. Сэ сощІэ абы и лІыгъэр здынэсыр. Щхьэгъусэу нэхъ къэсщтэнт? - жиІащ нысэм.

Абы и гугъащ и щыпхъуи и дэлъхур кьицІыхужауэ, щІеупщІыр арауэ. Абы хэту Мыхьэмэтыр а кьызэрыкІуэм хуэдэу нэри пэри зыхь псы кьнуам кьызэпкІэри, кьызэпрыкІащ. Я дежкІэ кьыдэмыхьэжу нэгъуэщІ щІыпІэкІэ иунэгІащ, ЦІыхубзитІми кьахуеплъэкІакъым, и Іуэху здэщыІэм кІуащ.

МыдэкІэ цІыхубзитІым я гуэгуанэр я дамэм трагъэувэри, я гупсысэ щхьэхуэ зырызыи ринэщхьейуэ, кьежьэжащ.

ЛІы мыцІыхум щхьэкІэ «щхьэгъусэу нэхъ къэсщтэнт, сэ сощІэ абы и лІыгъэр», щхьэгъусэу нэхъ къэсщтэнт» жиІащ ди нысэм», - жиІэри. «Зи щыпхъу щІыхуэ зыхуэбзэгуфІэ, шуІэгъэфІыр зыфІагъэкІуэд» уэрэдым щыжиІэр арат.

Гуащэжьыр губжьыным абы фІэкІа хуейтэкъым. «Сыту Іейуэ сыщыуат си нысэмкІэ» - жиІэри щыгъуэ щыгъын фІыщІэкІэ зихуапэри тІысжащ.

Мыхьэмэти зэ къэКІуэлІэжьынтэкъэ, къэКІуэлІэжащ.

Мыхьэмэт и хабзэт, кьыдыхьэжа нэужь, псом яп э и анэм дежкІэ щІыхьэрэ и уэнунгъэр зэрыщытыр зригъащІэу, здэщыІахэм, ипхъэгуахэм я хъыбарыр жриІэрэ, игІанэ и анэм хуит кьищІа нэужь, кьыщІэкІыжри и дзгъэнэм щІыхьэжу.

- Къэхъуар сыт, ди анэ, сыт ущІэнэщхьейр, ущІэщыгъуэр? - жиІэри къуэр анэм еупщІащ.

- Сыту Іейуэ сыщыуат си нысэмкІэ. Сэ сызэригугъауэ си нысэр кьыщІэкІакъым. Уэ пхуэфащэкъым апхуэдэ фызэ уиІэну. ИкІощІыпІэкІэ си нысэр и дыщым егъэшэж, ди напэр тримых щІыкІэ! - жиІащ и анэм.

Анэм псомкІи къуэр едІэуэн хуейуэ хабзэр арати, зы псалъэ пимыдзыжу, нысэр зэрыкІуэаншэмкІэ емыупщІу, кьыщІэкІыжри и щхьэгъусэр и дыщым иригъэщэжащ.

Арати, абы и ужькІэ куэд дэкІа, машІэ дэкІа, зэгуэрым зы гуп, Хьэтх Мыхьэмэтыр яхэту, и фыз иригъэкІыжар зыдэ кьуажэм и бгъуэр дэж, жэщу щыхэхпхъуэщыстри, гьуэмылэхъэ щІалитІ дагъэхьащ. ЩІалэхэм гъэумылэ кьыхахьуэр унэ-унэхэр кьыщацІухьым, зым уэрэд-гъэбзэ макъ кьыщІэІуКІыу зэхахащ. Бгъэдыхьапэрэ едаІуэмэ, Мыхьэмэтым иригъэкІыжа фызым уэрэд иусу щІэст а гуэм.

ЩІалэхэр псыпшІэ з дыдэу кьыІуКІыжри, жэкІэ Мыхьэмэтым деж къэКІуэжащ, здащэр жрамыІэу, яшэри ирагъэдэІуащ. ЗэрыжаІэмкІэ, абы и уэкьКІ Мыхьэмэтым и фызыр кьышэжри, лІэжьиу зэдэпсэуащ. Уэрэдым кьаруушхуэ зэриІэр а Іуэхугъуэм кьыстэльагъуэ.

Мы уэрэдыр адыгэ лъэпкъ псом яхэлъщ. И макъамэмэ и псалъэхэми зэхъуэКІыныгъэ щІагъуэ имыІэу адыгэ щІыналъэ псом щагъэзащІэ.

АБАЗЭ Албгъ,
КъБКъУ-м и доцент.

Зэман гъунапкъэншэм ириплъэж

**Прозэм и жанр щхьэхуэхэм кьащхьэщыкІыу, рассказым льабжьэ хуэхьу хабзэр гъащІэм и зы пычыгъуэу, Іуэхугъуэу зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр кьыззэщІэзыубыдэрщ. А жанрыр нэхъ яфІэтыншу абыкІэ зи тхакІуэ гъуэгуанэр кьыщІэзыдзэхэм кьадэкІуэу повесть, роман хуэдэхэм хуэІэижь, льэпкъ литературэм и жьантІэр зылыса тхакІуэшхуэхэми литературэм а и жанр щыкІымкІэ «щрагъэнтІэкІыж» кьохьу. Ар щынэрылъагъущ адыгэ литературэм, псом хуэмыдэу льэпкъым гурыкъ щыхьуа и романхэм яужькІэ, новеллэмкІэ, рассказымкІэ «езыІуэнтІэкІыжа» КІэрашэ Тембот и творчествэм.

ТХАКІУЭ лэжьыгъэм и Іофри и гуашэри зыхэзыщІа, кьызыхэкІа льэпкъым кьызэриненкІэ гъащІэ гъуэгуанэ хьэлъэм ириплъэжьыфу абы и кьэгъэшпІэхэм-рэ и щыхупІэ задэхэмрэ адыгэхэм щагъуэта екьулІэныгъэхэм набдзэгубдзаплъэу якІэльэплъыжьыфа икІи блэкІам дерс кьызэрыхэхыпхъэр кьэкІуэным хуэзыщыпхьар кьэкІуэм хуэдэу щІэдэжькІа-кІуэхэм фІыуэ ялъэгъуа «Насыпым и хэкІыпІэ» (1955 гъэ), «Анэ Іущым ипхъу» (1963 гъэ), «КІуКІуэ» (1968 гъэ), «Шу Заскъуэ» (1973 гъэ) романхэр, «Щапсыгъ пщащэ», «Абрэдж», «ПІыхьуэм и лІыгъэр», «Абазэхэ щакІуэ», «Иужьрей фоч уэгъуэ» повестхэр, «ГъущІыпсэ», «ГъащІэм и дерс», «ЛІыгъэр зэрагъэунэху», «БысымщІалэ», нэгъуэщІ рассказхэр щызэхуэхьэса тхыльэ зыбжанэ.

Кьанэ щІагъуэ щымыІэу КІэрашэм и тхыгъэхэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІащ. «Насыпым и хэкІыпІэ» романыр украиныбзэкІэ, латышыбзэкІэ, китаибзэкІэ, чехыбзэкІэ, нэгъуэщІ бзэхэмкІи зэрадзэкІащ. Езы КІэрашэ Темботи урыс, совет тхакІуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ. Адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуа уэрэдыгъэ зыбжанэ итхащ, ар жыджэру хэлажьэщ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжьым. ХьэткъуэАхьмэд щІыгъуу лъэпкъ уэрэдхэр щызэхуэхьэса тхылъыр кьыдигъэкІащ. Адыгей литературэр курыт школым зэрыщрагъэдж тхылъыщыр япэу зэхэзылъхьари арат. СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым, КПСС-м хэтащ, депутату щытащ. Абы кьыхуагъэфэщащ Ленин, Октябрь революцІэ, Лжьыгъуэм и Бэракъ Плъыжь орденхэр, медалхэр.

КІэрашэ Тембот 1988 гъэм дунеим ехыжащ.

СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, адыгэ тхакІуэ щэджащэ КІэрашэ Тембот Мыхьэмэт и къуэр къызэралъхурэ илъаси 110-рэ ирокъу

КІэрашэ Тембот Мыхьэмэт и къуэр Адыгэ Республикэм хыхьэ Хуэшъхьэлэ къуажэм 1902 гъэм щыщхьэІуэ и 16-м кьыщалъхуащ. Мейкъуапэ дэта реальнэ училищэм, Краснодар политехникэ институтым, Москва щыІэ промышленно-экономикэ институтым щеджащ. ЕджапІэ нэужьым, 1925 гъэм, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьэн щІидзащ. Газетым и ятІэ номерым езым адыгэбзэкІэ зэридзэкІа «Интернационалыр» кьытехуащ. 1925 гъэм газетым кьытрадзащ «Аркъэ» зыфІица и ятІэ рассказыр. Адыгэ Республикэм и тхылъ тедзапІэм, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым я унафэщІу лэжьащ. Краснодар щыІэ пединститутым щригъэджащ, доцент кьулыкъур зэрихьэу.

1934 гъэм и усэхэр щызэхуэхьаса «Мэщыкъуэ и щхьэкІуэ» сборникыр кьыдэкІащ, «Щамбул» романым СССР-м и Къэрал саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ 1948 гъэм. КІэрашэм и Іэдакъэм кьыщІэкІащ щІэдэжькІакІуэхэм фІыуэ ялъэгъуа «Насыпым и хэкІыпІэ» (1955 гъэ), «Анэ Іущым ипхъу» (1963 гъэ), «КІуКІуэ» (1968 гъэ), «Шу Заскъуэ» (1973 гъэ) романхэр, «Щапсыгъ пщащэ», «Абрэдж», «ПІыхьуэм и лІыгъэр», «Абазэхэ щакІуэ», «Иужьрей фоч уэгъуэ» повестхэр, «ГъущІыпсэ», «ГъащІэм и дерс», «ЛІыгъэр зэрагъэунэху», «БысымщІалэ», нэгъуэщІ рассказхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ.

Кьанэ щІагъуэ щымыІэу КІэрашэм и тхыгъэхэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІащ. «Насыпым и хэкІыпІэ» романыр украиныбзэкІэ, латышыбзэкІэ, китаибзэкІэ, чехыбзэкІэ, нэгъуэщІ бзэхэмкІи зэрадзэкІащ. Езы КІэрашэ Темботи урыс, совет тхакІуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ. Адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуа уэрэдыгъэ зыбжанэ итхащ, ар жыджэру хэлажьэщ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжьым. ХьэткъуэАхьмэд щІыгъуу лъэпкъ уэрэдхэр щызэхуэхьэса тхылъыр кьыдигъэкІащ. Адыгей литературэр курыт школым зэрыщрагъэдж тхылъыщыр япэу зэхэзылъхьари арат. СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым, КПСС-м хэтащ, депутату щытащ. Абы кьыхуагъэфэщащ Ленин, Октябрь революцІэ, Лжьыгъуэм и Бэракъ Плъыжь орденхэр, медалхэр.

КІэрашэ Тембот 1988 гъэм дунеим ехыжащ.

Зэман гъунапкъэншэм ириплъэж

Прозэм и жанр щхьэхуэхэм кьащхьэщыкІыу, рассказым льабжьэ хуэхьу хабзэр гъащІэм и зы пычыгъуэу, Іуэхугъуэу зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр кьыззэщІэзыубыдэрщ. А жанрыр нэхъ яфІэтыншу абыкІэ зи тхакІуэ гъуэгуанэр кьыщІэзыдзэхэм кьадэкІуэу повесть, роман хуэдэхэм хуэІэижь, льэпкъ литературэм и жьантІэр зылыса тхакІуэшхуэхэми литературэм а и жанр щыкІымкІэ «щрагъэнтІэкІыж» кьохьу. Ар щынэрылъагъущ адыгей литературэм, псом хуэмыдэу льэпкъым гурыкъ щыхьуа и романхэм яужькІэ, новеллэмкІэ, рассказымкІэ «езыІуэнтІэкІыжа» КІэрашэ Тембот и творчествэм.

ТХАКІУЭ лэжьыгъэм и Іофри и гуашэри зыхэзыщІа, кьызыхэкІа льэпкъым кьызэриненкІэ гъащІэ гъуэгуанэ хьэлъэм ириплъэжьыфу абы и кьэгъэшпІэхэм-рэ и щыхупІэ задэхэмрэ адыгэхэм щагъуэта екьулІэныгъэхэм набдзэгубдзаплъэу якІэльэплъыжьыфа икІи блэкІам дерс кьызэрыхэхыпхъэр кьэкІуэным хуэзыщыпхьар кьэкІуэм хуэдэу щІэдэжькІакІуэхэм фІыуэ ялъэгъуа «Насыпым и хэкІыпІэ» (1955 гъэ), «Анэ Іущым ипхъу» (1963 гъэ), «КІуКІуэ» (1968 гъэ), «Шу Заскъуэ» (1973 гъэ) романхэр, «Щапсыгъ пщащэ», «Абрэдж», «ПІыхьуэм и лІыгъэр», «Абазэхэ щакІуэ», «Иужьрей фоч уэгъуэ» повестхэр, «ГъущІыпсэ», «ГъащІэм и дерс», «ЛІыгъэр зэрагъэунэху», «БысымщІалэ», нэгъуэщІ рассказхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ.

Кьанэ щІагъуэ щымыІэу КІэрашэм и тхыгъэхэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІащ. «Насыпым и хэкІыпІэ» романыр украиныбзэкІэ, латышыбзэкІэ, китаибзэкІэ, чехыбзэкІэ, нэгъуэщІ бзэхэмкІи зэрадзэкІащ. Езы КІэрашэ Темботи урыс, совет тхакІуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ. Адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуа уэрэдыгъэ зыбжанэ итхащ, ар жыджэру хэлажьэщ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжьым. ХьэткъуэАхьмэд щІыгъуу лъэпкъ уэрэдхэр щызэхуэхьэса тхылъыр кьыдигъэкІащ. Адыгей литературэр курыт школым зэрыщрагъэдж тхылъыщыр япэу зэхэзылъхьари арат. СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым, КПСС-м хэтащ, депутату щытащ. Абы кьыхуагъэфэщащ Ленин, Октябрь революцІэ, Лжьыгъуэм и Бэракъ Плъыжь орденхэр, медалхэр.

КІэрашэ Тембот 1988 гъэм дунеим ехыжащ.

ГукъэкІыжхэр

Зэи сщыгъупщэркъым

КІэрашэ Темботрэ сэрэ зыбжанэрэ дызэхуэзащ, ауэ сигу нэхъ кьиныжар япэ дыдэу абы сыщыІущІамрэ я яужьу щыслъагъужамрэщ.

1953 гъэр екІуэкІырт. Къэбэрдей тхакІуэхэм я союзым иригъэкІуэкІырт тхэну кьыщІэзыдзэ ныбжьыщІэхэм я зэйущІэ. Ар кьыщыізэІуахар иджы 2-нэ курыт еджапІэр зыщІэт, Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэшхэрт.

А зэйущІэм дыщщізэрыщІыхуауэ щытащ псэухукІэ ныбжьэгъуу сиІа Гъубжокъуэ Лиуанрэ сэрэ. Дз дызэбгъэдэст, сценэм кьисхэм дахэпльэрэ -мор хэт, мыдрейхэри хэт хьуну? - жьІтэу дызэуплщІыжу. Ди зэхъуцацэ макъыр щызэхихьм, ди гупэ кьис лІы кьамылЫфэр нэфІэгуфІэу кьызэпльэкІри, «Фыхуейм фэзгъэщІыхунщ ахэр», - жиІэри, ди жэуапми пэмыплъэу, я цІэхэр кьрибжэкІыу щІидзащ. Ахэр куэд щІауэ зи тхыльхэм дыкъеджэж, ауэ ди щыпэгъу тхакІуэхэу Теуэн Хьэчим, Шорэтэн Аскэрбий, Щоджэнщыкіу Іэдэм, КІуащ БетІал, ди хьэщІэ, адыгей тхакІуэ щІрыІуэ КІэрашэ Тембот сымэт. Абыхэм яхэст обкомым и апэ секретарь Бабин Василий.

Ахэр дэзыгъэщІыхуар кьыхтхуеплъэкІыжщ, кьыхтщыгуфІыкІыжри, и псалъэм кьыпищжащ: «Сэри сыкъэфІыхуну фыхуеймэ, сэ сы-ХьэхъупащІэ Хьэжбэчырщ. Фэ хэт фыхьуну?»

Дэ а зэманым КІэрашэ Тембот и зы тхыльри дыкъеджатэкъым, ауэ абы и цІэр фІыуэ тщІэуэ кьыщІэкІат 1947 гъэм Налшык кьыщыдигъэкІа «Адыгэ таурыхъхэр» жыхуиІэ тхыльымкІэ.

ТІэкІу загъэпсэхуну зэІущІэр зэпагъэуауэ дыкъыщыщІэкІым, Хьэжбэчыр ЛиуанрэсэрэКІуащ БетІал дыбгъэдишащ.

- БетІал, мы щІалитІым Тембот зэдгъэцІыхуащэрэт жаІэ, дауэ тщІыну?

- Ар хьарзынэкъэ-тІэ! Фыкъакіуэ мыдэ, - жиІэри, Акъсырэ Залымхан и гъусэу щхьэгъубжэм бгъэдэт КІэрашэм дыбгъэдишэри зыхунгъэзащ:

- Тембот, мы щІалэ щыкІуэм уи Іэр яубыдыну уейт, ауэ мэукІытэхэри сэ кьыббгъэдэсщауэ аращ.

КІэрашэр кьытщыгуфІыкІащ, ди Іэр кьнубыдурэ псалъэ гуапи кьыджжІауэ щыІтащ.

* * *

КІэрашэ Тембот дунеим ехыжьыным куэд имыІэжу сэ ар яужьуи слъагъужащ.

Адыгейм щекІуэкІырт Кьэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъэзджэмрэ я махуэхэр.

Дэ Мейкъуапэ дызэрынэсу кьыджкІат КІэрашэ Тембот сымаджэ хьэльэу зэрыхэльыр.

Ди республикэм икІа тхакІуэ зыщыпІІ - Кулиев Кьайсин, Щоджэнщыкіу Іэдэм, Шэвлокьуэ Петр, сэ дызэщІыгъуу Адыгейм и тхакІуэхэм я союзым и тхьэмадэ Мэшбащэ Исхьэкъ дишат КІэрашэ Тембот и унэм.

Сигу нобэми ильщ адыгэ тхакІуэшхуэм кьыджкІауэ щытар: «Сэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр сигу кьокІ схужьІэнукъым - ар зэи сщыгъупщэркъымкІ»

* * *

Си гукъэкІыж кІэщІхэр сухьну сыхуейт КІэрашэ Тембот и унэм дыкьинкІыжу хьэщІэщым щыслъагъуэжа нэужь, а махуэ дыдэм стхаэу щыта мы усэмкІэ:

Унагъуэ кьэс тхьэмадэ исщ,
Пэрысщ тхьэмадэ Іэнэ кьэс:
Дэ ди акъыл зыхунэмысщ
Куэдым тхьэмадэм хунегъэс.

Ахэр куэд мэхъур - ягъэІущ
Хьэбгъэ сабийри балигъ хьурн:
ДащьпІэщІэм арагъэнщ
ГъащІэр купщІэнщэу
кьыщІытщыхьурн.

Ауэ лъэпкъ псом и тхьэмадэж
Хьуан кьытхокІ - иремыкІыдэхэ:
Псэуху зи Хэкур зыгъэпэж,
Зи пщІэр зэманым дэмыкІыдэхэ.

Ахэр лъэпкъыгум кьопсэтьыкІ, -
Хэку псалъэ мэхъу я псалъэ кьэскІи,
Зэманым ахэр хунмыщыкІ, -
Ящі ягъэтьапІэ уэрэд нэскІи.

Уащьщщ абыхэм уэ, Тембот,
Уи кьалэмыр зыщ зыхуэбзэр:
Мыухыж гугъэ уэ къыдот
Щытыху щІыр - ГуныкІэ дзыгъэзэр!
ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер.

КІэрашэ Тембот и хьэщІэхэщ Мэшбащэ Исхьэкъэр Жанэ Къырмызэрэ. *1985 гъэ*

ЛІыхъужьым и къекІуэкІыкІар

Адыгэхэм ди тхакІуэшхуэ КІэрашэ Тембот и «Щапсыгъ ишащэ» («Щапсыгъхэм яихъу») хьыбарым зи гухэдэмрэ зи уэрэдымрэ щыхум яхІуа Хьэтх Мыхьэмэт и образыр дэгъэуэу, дахэу щитхыжащ. Тхыгъэм къызэрыхэщыжьымкІэ, Мыхьэмэт адыгэлІ псэц, хьэл-щэн эмІэзэрыт зиІэ лІыхъужь гушІэгъулыщ. Ар 1812 гъэм Франджым и пащтыхьу щыта Бонапарт Наполеон Урысейм кьыщытеуам щыгъуэ екІуэкІа зауэм урыс дзэпщ щІэрыІуэ, Пушкиным и лъэхъэнгъэ, усакІуэ, генерал-лейтенант Давыдов Денис къызэригъэпэщца партизан зэщІэхъеенымэм щыуей хахуэу хэтащ. ЗэрыжаІэмкІэ, Мыхьэмэт бэчкъан лъэпкъым щыщ и адыгэщымкІэ Париж ирс кІуэри, а щы дыдэм гесу и хэку кьигъэзэжауэ щытащ. Абы теухуауэ Къардэнгъущ Зырамыку мыр жиІэгъауэ щытащ: «ПІэжынкІи хъунщ, сыту жыпІэмэ а зауэм урысыдзэм хэту адыгэ шу гуп Наполеон и дзэм езуащ. Мыхьэмэти абы яхэтагъэщ».

ФИГУ КЪЭГЪЭКІЫЖЫНУ сыхуейт «Уэрэдымрэ и тхыдэмрэ» радиопэтыным 1990 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м Къардэнгъущ Зырамыку абы ехьэлІауэ къыщІэІуэтэжа хьыбарыр. Араущи, мы зи гугъу тщІыну Іуэгугъуэр къыщыхъуар а зауэм кьелу Мыхьэмэт и хэкужьым кьигъэзэжа нэужщ. Уэрэдыр щхьэгъусэм иусын уейт щІэхъуам тражиІыхь хьыбарыр мыращ.

Зи гугъу тщІа зауэшхуэм хэтауэ кьигъэзэжа нэужь, езым игу ирихь, фІыуэ ильэгъуа хьыджэбзым лъыхъури, фызышэшхуэу кьишащ. Апхуэдэу дэ щІыжытІэр, пасэм щыгъуэ хьыхуащ мыхьумэ, езы щауэм кьрагъашэртэкьым. Нысэр кьыхэзыхыр щауэм и адэ кьуэш е и Іыхьлы нэхьыжьт. Хьыджэбзым и Іуэхури эрыщыгтари апхуэдэуст. ДэкІуэ щыІэтэкьым, щыІэр - ират, иращэ, яхь - ират. Мыхьэмэт и адэр псэужтэкьыми, хьыджэбзыр кьыкухэзыхар и анэрт. Унагъуэм лІыр щащыщхьщымытыжым деж, абы и пІэ иувэр унэгуащэрати. Мыхьэмэт и анэм и унафэм сытКІи едІуэн хуей хьуащ. Гуащэжьым и кІуэм кьыкухиха щІыхубзыр икІи дахэт, икІи зкІэлъыкІуэти, Мыхьэмэтым лъагъуныгъэкІэ кьишащ. Езы Мыхьэмэти лІы бжьыфІзу, щІыху зэтесу, щэрыІуэу щІытти, щІыхубзыр кьыдэкІуащ.

ЗэщхьэгъусэтІыр энэзэпсэу зэдэпсэуурэ быи зытІуищи зэдагъуэтащ, Зэрахабзэти, унагъуэр зэдаІуэр, зи унафэм щІэтыр Мыхьэмэт и анэ гуащэжьырт. Къуэр сыт хуэдизкІэ щІрыІуэу, хьыхьэхэКІ иІэу, лІыфІу щыт пэтми, анэм и унафэм щІэтыныр а зэманым хабзэт, ар емыкІутэжьым. Мыхьэмэт зы щыпхьу щІыкІу закъуэ фІэкІа кьуэши иІэтэкьым.

А зэманым зэрыхабзэти, Мыхьэмэт езыр зэхэзекІуэт, а зауэшхуэм кьыдыхэта и ныбжьэгъухэм якІэлъыкІуэрт, илъагъурт, абыхэм я деж щыхьэщІэрт. Ахэр мыхъуххэми, ныбжьэгъу и куэдт, абыхэм якІэлъыкІуэн хуей хьурт. Пасэм щыгъуэ лІыр унэм ис эпІыту щытыныр емыкІут. ЛІыр зэхэзекІуэмэ, хьыхьэхэКІ иІэмэ, абы щытхъуэт ар кьыщацІыхури, и цІэ фІыкІэ щыжаІэри. А хьыхьэхэКІ зиІэ лІыхэрат къуажэхэр зыхьумэу, дэхэухахэм ядэІэпыкьуу, захуащІэу кьэзыкІухьэр. Абыхэм гуп кьрашэкІырт, я къуажэхэр, я льэпкъхэр дыгъуакІуэхэм щахъумэу. Мис апхуэдэ зауэлІ-зекІуэлІт Хьэтх Мыхьэмэт.

Хьыбарым зэрыжиІэмкІэ, Мыхьэмэтыр екъауэ кьэту, махуэ гуэрым, и щыпхьэмрэ и щхьэгъусэмрэ псыхъэ кІуащ. Псым щыІухьэ дыдэм, адрей льэныкъуэмкІэ зы шу кьыхуэкІуэу къалъэгъуащ. А шур Мыхьэмэтыр арт.

- Мо шу цІыкІур а кьызэрыкІуэн хуэдэу къаКІуэр къэкъ, мы псы кьнуам, икІыпІэ мылыхьхуэу кьызэпкІэрэ кьызэпрыкІмэ, сыту нэхъ къэпщтэнт? - жиІэри пщыпхъур и нысэм еупщІащ, и дэлъху Мыхьэмэтыр а шу цІыкІу къакІуэр зэрырар кьимыщІыхужу. Нысэр пльэри, и щхьэгъусэ Мыхьэмэтыр кьищІыхужащ.

- Ар икІыпІи кьимылъхъуэу, а кьызэрыкІуэм хуэдэу кьыхэпкІэнурэ кьызэпрыкІынущ. Сэ сощІэ абы и лІыгъэр здынэсыр. Щхьэгъусэу нэхъ къэсщтэнт? - жиІащ нысэм.

Абы и гугъащ и щыпхъуи и дэлъхур кьицІыхужауэ, щІеупщІыр арауэ. Абы хэту Мыхьэмэтыр а кьызэрыкІуэм хуэдэу нэри пэри зыхь псы кьнуам кьызэпкІэри, кьызэпрыкІащ. Я дежкІэ кьыдэмыхьэжу нэгъуэщІ щІыпІэкІэ иунэгІащ, ЦІыхубзитІми кьахуеплъэкІакъым, и Іуэху здэщыІэм кІуащ.

МыдэкІэ цІыхубзитІым я гуэгуанэр я дамэм трагъэувэри, я гупсысэ щхьэхуэ зырызыи ринэщхьейуэ, кьежьэжащ.

ЛІы мыцІыхум щхьэкІэ «щхьэгъусэу нэхъ къэсщтэнт, сэ сощІэ абы и лІыгъэр» нысэм зэрыжиІар пщыпхъум щхьэкІэ щыхъуауэ, зэгуэпарэ мыпсэльэжу, нысэри и щхьэгъусэр я дежкІэ кьэмыкІуэжу, нэгъуэщІ щІыпІэкІэ дидзыхыу зэрыкІуам иринэщхьейуэ псыр кьахри кьэкІуэжащ.

Хьыджэбзыр и анэм деж щІэльадэри бзэгу хуиныкьащ: «Щу мыщІыху гъуэгурыкІуэм щхьэкІэ «сэ сощІэ абы и лІыгъэр, щхьэгъусэу нэхъ къэсщтэнт» жиІащ ди нысэм», - жиІэри. «Зи щыпхъу щІыхуэ зыхуэбзэгуфІэ, шуІэгъэфІыр зыфІагъэкІуэд» уэрэдым щыжиІэр арат.

Гуащэжьыр губжьыным абы фІэкІа хуейтэкъым. «Сыту Іейуэ сыщыуат си нысэмкІэ» - жиІэри щыгъуэ щыгъын фІыщІэкІэ зихуапэри тІысжащ.

Мыхьэмэти зэ къэКІуэлІэжьынтэкъэ, къэКІуэлІэжащ.

Мыхьэмэт и хабзэт, кьыдыхьэжа нэужь, псом яп э и анэм деж щІыхьэрэ и уэнунгъэр зэрыщытыр зригъащІэу, здэщыІахэм, ипхъэгуахэм я хъыбарыр жриІэрэ, игІанэ и анэм хуит кьищІа нэужь, кьыщІэкІыжри и дзгъэнэм щІыхьэжу.

- Къэхъуар сыт, ди анэ, сыт ущІэнэщхьейр, ущІэщыгъуэр? - жиІэри къуэр анэм еупщІащ.

- Сыту Іейуэ сыщыуат си нысэмкІэ. Сэ сызэригугъауэ си нысэр кьыщІэкІакъым. Уэ пхуэфащэкъым апхуэдэ фызэ уиІэну. ИкІощІыпІэкІэ си нысэр и дыщым егъэшэж, ди напэр тримых щІыкІэ! - жиІащ и анэм.

Анэм псомкІи къуэр едІэуэн хуейуэ хабзэр арати, зы псалъэ пимыдзыжу, нысэр зэрыкІуэаншэмкІэ емыупщІу, кьыщІэкІыжри и щхьэгъусэр и дыщым иригъэщэжащ.

Арати, абы и ужькІэ куэд дэкІа, машІэ дэкІа, зэгуэрым зы гуп, Хьэтх Мыхьэмэтыр яхэту, и фыз иригъэкІыжар зыдэ кьуажэм и бгъуэр дэж, жэщу щыхэхпхъуэщыстри, гьуэмылэхъэ щІалитІ дагъэхьащ. ЩІалэхэм

Щытыху щIыр - Iункlэ адыгэбзэр!

